

THE WRONG HELP CAN HURT

BEWARE OF IMMIGRATION SCAMS



How to Find Help When Applying for an Immigration Benefit...

I'm applying for an immigration benefit, where can I find help?

U.S. Citizenship and Immigration Services provides free resources to help guide you through the application process. You can visit www.uscis.gov to download free forms, read instructions, get case status updates, or schedule in-person InfoPass appointments to have your questions answered.

Who can assist me with the application process?

Only an authorized immigration service provider is qualified to help you beyond basic preparation or translation. These individuals or groups are:

- A representative accredited by the Board of Immigration Appeals working for a recognized organization, and
- An attorney who is in good standing.

How do I find authorized immigration service providers online?

- Visit the Department of Justice Board of Immigration Appeals website at <http://www.justice.gov/eoir/biainfo.htm> to search for a:
 - List of accredited representatives and recognized organizations.
 - List of attorneys by state who provide immigration services either for free or for little cost.
- Visit the Executive Office for Immigration Review (EOIR) at <http://www.justice.gov/eoir/discipline.htm> for a list of individuals who have been expelled or suspended from practicing law before USCIS.

Immigration scams and consumer fraud are illegal. In some states, there are fines and other penalties for anyone not authorized to provide immigration assistance, even with good intentions.

For more information on how to avoid and report immigration scams, please go to our website at www.uscis.gov/avoidscams.



U.S. Citizenship
and Immigration
Services

M-1110

MOVE ÈD KAPAB FÈ OU MAL

PRAN PREKOSYON OU AVÈK
FWOD NAN ZAFÈ IMIGRASYON



Fason pou Jwenn Èd Lè W ap Aplike pou yon Avantaj Imigrasyon...

Mwen aplike pou yon avantaj imigrasyon, ki kote mwen kapab jwenn èd?

Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini bay resous gratis pou ede gide ou nan pwosesis aplikasyon an. Ou kapab ale sou sitwèb www.uscis.gov pou pran fòm gratis yo, pou li enstwiksyon yo, pou jwenn dènye enfòmasyon sou kondisyon dosye ou, oswa pou pran randevou an pèsòn nan InfoPass pou jwenn repons pou kesyon ou yo.

Kimoun ki kapab ede mwen avèk pwosesis aplikasyon an?

Se sèlman yon pwofesyonèl sèvis imigrasyon otorize ki kalifye pou ede ou anplis preparasyon debaz oswa tradiksyon. Moun oswa gwoup sa yo se:

- Yon reprezantan ki gen akreditasyon Komisyon Apèl Imigrasyon k ap travay pou yon òganizasyon yo rekonèt, ak
- Yon avoka ki gen bon repitasyon.

Kijan pou mwen jwenn pwofesyonèl sèvis imigrasyon otorize sou Entènèt?

- Ale nan sitwèb Komisyon Apèl Imigrasyon Depatman Jistis nan <http://www.justice.gov/eoir/biainfo.htm> pou chèche youn:
 - Lis reprezante ki akredite ak òganizasyon yo rekonèt.
 - Lis avoka selon eta ki bay sèvis imigrasyon swa pou gratis oswa pou bon pri.
- Ale nan sitwèb Executive Office for Immigration Review (EOIR) (Biwo Egzekitif pou Revizyon Imigrasyon) nan <http://www.justice.gov/eoir/discipline.htm> pou jwenn yon lis moun yo te retire oswa sispann nan pratik lalwa devan USCIS.

Li ilegal pou fè mèt dam nan zafè imigrasyon ak fwod sou kliyan. Nan kèk eta, gen amann ak lòt sanksyon pou nenpòt moun ki pa otorize pou bay èd nan zafè imigrasyon, menm si moun nan gen bon entansyon.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou evite mèt dam epi pou rapòte mèt dam nan zafè imigrasyon, tanpri ale nan sitwèb nou nan www.uscis.gov/avoidscams.